

BABI

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Masyarakat Sunda kiwari hirup kumbuh di lingkungan nu hétérogén. Masyarakat Sunda ngayakeun rupa-rupa hubungan jeung sélér séjén saperti Jawa, Padang, Batak, Bali jsté. Hal éta téh nétélakeun yén manusa teu bisa hirup sorangan, sabab manusa kaasup mahluk sosial anu merlukeun hubungan sosial budaya jeung mahluk séjén, tegesna manusa jeung manusa sejena ngayakeun komunikasi pikeun ngébréhkeun eusining pikiran sarta pamaksudanana sewang-sewangan.

Komunikasi téh tangtuna waé maké médiumna basa. Salah sahiji basa nu digunakeun ku masyarakat nya éta basa Sunda. Ari basa nya éta sistem lambang sora omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénsional) antar anggota masyarakat pikeun komunikasi. Salah sahiji hakékat basa téh sistem. Disebut sistem lantaran mangrupa beungkeutan unsur-unsur (wangun jeung eusi) anu silih lengkepan dumasar kana aturan nu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan. Minangka hiji sistem, basa téh mibanda sipat sistematis nya éta basa téh mibanda unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna, ari sistemik nya éta basa téh mibanda pola-pola (aturan) anu

dumuk tur bisa diramalkeun kayaning aturan fonologi, tata basa, jeung semantik (Sudaryat, 1991: 3).

Dina fungsina basa salaku alat komunikasi, hakékat sabenerna mah mangrupa prosés nepikeun eusi pikiran, ras, kahayang, jeung rupa-rupa pamaksudan ka nu lian kalawan maké sistem sora anu arbitrér (Yudibrata, spk 1992:35). Cara nepikeun éta komunikasi aya ku cara langsung ngaliwatan adu rényom omongan panyatur jeung parégép atawa ku cara teu langsung ngaliwatan basa tinulis.

Basa Sunda dina kalungguhan pikeun kahirupan masarakat lian ti mibanda fungsi salaku alat komunikasi ogé mibanda fungsi pikeun mekarkeun jeung ngamajukeun kabudayaan, sabab ésénsi hiji basa nya éta mawa ide mangrupa budaya, palsafah, seni jeung sajabana.

Basa téh diwangun ku dua lapisan, nya éta wangun jeung eusi. Lapisan wangun ngawengku dua lapisan, nya éta wanguna gramatik anu ngawengku wacana, kalimah, klausa, frasa, kecap, jeung morfém. Wangun morfologi nu ngawengku engang, foném, jeung sora. Sedengkeun lapisan eusi, mangrupa eusi atawa makna. Wangun katatabasaan dipaluruh ku katatabasaan nu ngawengku (1) sintaksis anu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, frasa jeung (2) morfologi anu maluruh adegan morfém jeung kecap (Sudaryat, 1991 :5).

Wangun kecap nu mibanda fungsi gramatik atawa fungsi semantik sok disebut prosés morfologi. Nurutkeun Prawirasumantri (1991 : 5) prosés morfologi

dina basa Sunda anu geus jinek aya tilu rupa: (1) ngararangkénan (afiksasi), (2) ngarajék (réduplikasi), jeung (3) ngantétkeun (komposisi).

Anu dimaksud ngarajék (réduplikasi) nya éta prosés ngawangun kecap ku jalan malikan deui wangun dasarna, boh sabagian boh sagemblengna, boh robah sora boh henteu, dibarengan ku ngararangkénan atawa henteu. Hasilna disebut kecap rajékan (Prawirasumantri, 1990 : 32).

Prawirasumantri (1990 : 32) nétélakeun yén ngarajek dina basa Sunda dibédakeun jadi tilu golongan, di antarana : (1) ngarajék sagemblengna, nya éta ngarajék sagemblengna wangun dasarna dibarengan ku robahna sora boh henteu, anu biasa sok disebut dwilingga, (2) ngarajék sabagian, nya éta ngarajék sabagian wangun dasarana, anu biasana mangrupa ngarajék bagian mimiti sok disebut dwipurwa, jeung (3) ngarajék binarung rarangkénan, nya éta ngarajék dibarung ku ngalarapkeun rarangkén.

Dina nangtukeun fungsi jeung harti rajékan téh teu gampang. Aya kalana urang sok patukeur kénéh dina nangtukeun fungsi jeung harti. Antara fungsi jeung harti dina kecap rajékan teu bisa dipisahkeun, lantaran fungsi jeung harti dina kecap rajékan miboga hubungan nu pakuat-pakait sacara signifikan. Lamun fungsi robah sacara langsung, harti ogé ngilu robah.

1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah

1.2.1 Watésan Masalah

Luyu jeung hal nu geus diébréhkeun dina kasang tukang masalah, panalungtikan téh diwatesanan medar kecap rajékan binarung rarangkén dina salah sahiji karya sastra, nya éta buku kumpulan carita pondok *Kanagan*. Ari pedaran kecap rajékan binarung rarangkén ditilik tina rupa-rupa, wangun, fungsi, harti, jeung rarangkén nu marengan kecap rajékan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah ieu di handap.

1. Wangun kecap rajékan binarung rarangkén naon waé nu kapanggih dina kumpulan carpon *kanagan*?
2. Rarangkén naon waé nu marengan kecap rajékan binarung rarangkén?
3. Kumaha fungsi kecap rajékan binarung rarangkén dina éta kumpulan carpon *kanagan* téh?
4. Naon harti kecap rajékan binarung rarangkén dina éta kumpulan carpon *kanagan* téh?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan hayang ngadéskripsikeun kecap rajékan binarung rarangkén dina buku kumpulan carita pondok *Kanagan* dumasar kana wangun, harti, fungsi, jeung rarangkén nu marengan kecap rajékan.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan di antaran nya éta saperti hal-hal ieu di handap.

1. Pikeun ngeuyeubkeun pangaweruh ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén basa Sunda.
2. Méré informasi kecap rajékan binarung rarangkén salaku unsur basa nu loba di paké dina karya sastra.
3. Meunangkeun informasi ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén boh teorina boh aplikasina.
4. Méré informasi ka masarakat ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén anu aya dina kumpulan carpon *kanagan*.

1.5. Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta saperti nu diébréhkeun di handap ieu.

1. Wangun kecap rajékan binarung rarangkén téh aya dina basa Sunda ku sabab kitu eta kecap rajékan binarung rarangkén aya dina buku kumpulan carpon *kanagan*.
2. Basa Sunda msih dipaké ku sabagian masarakat urang Sunda boh wangun lisan boh wangun tulisan.
3. Kecap rajékan binarung rarangkén mangrupa bagian tina wangun kecap basa Sunda.
4. Kecap rajékan binarung rarangkén bisa dianalisis dumasar kana wangun, fungsi, harti, jeung rarangkén nu marengan kecap rajékan.

1.6 Méthode, Téknik, jeung Instrumén Panalungtikan

1.6.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif, luyu jeung tujuan nu rék dihontal dina ieu panalungtikan. Anu di déskripsikeun ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih dina buku kumpulan carpon *kanagan*. Méthode déskripsituif nya éta salah sahiji méthode anu dipaké pikeun ngaréngsékeun masalah anu aktual ku jalan nyieun papasingan, ngumpulkeun, nganalisis jeung nafsirkeun data.

1.6.2 Téknik Panalungtikan

Luyu jeung métode nu digunakeun, dina ieu panalungtikan ngagunakeun ulikan pustaka jeung analisis téks.

Téknik ulikan pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi atawa pangweruh ngeunaan kecap rajékan binarung rarangkén dilaksanakeun langsung kana buku kumpulan carita pondok *kanagan*.

1.6.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh mangrupa kartu data.

1.7 Populasi jeung Sampel

1.7.1 Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan, nya éta sakabéh kecap rajékan binarung rarangkén nu aya dina buku kumpulan carita pondok *kanagan*.

1.7.2 Sampel

Sampel nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sampel acak, tina 41 carita pondok nu aya dina buku carita pondok *kanagan* ukur dicokot 10 carita pondok.

